



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 20.4 MILYON DOLA POU AMELYORE
REZISTANS FAS A TANPÈT YO NAN LONG ISLAND**

***Pwojè Komite pou Rekonstriksyon Kominotè Lokal la te Chwazi yo pral Tabli
Biwo Jesyon Ijans Long Beach la, Rann Enfrastrikti Sèvis Piblik yo pi Rezistan,
Enstale Dèlko Pèmanan, Elve Nivo Wout ki Vilnerab yo epi Amelyore Sistèm
Drenaj yo***

***Uit Pwojè yo Fè Pati Plis Pase 41.1 Milyon Dola nan kad Pwojè Rekonstriksyon
Kominotè NY Rising lan k ap Kòmanse an Otòn sa a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plis pase 20.4 milyon dola nan pwojè pou Rejyon Long Island lan yo pare pou yo kòmanse an otòn sa a pou ede kominote ki gen tandans inondasyon yo planifye ak prepare pou evènman move tan ekstrèm yo pandan y ap kontinye rekipere yo apre pasaj Sipètanpèt Sandy a, Ouragan Irene ak Tanpèt Twopikal Lee a. Finansman an fè pati plis pase 41.1 milyon dola nan kad pwojè Rekonstriksyon Kominotè NY Rising (NY Rising Community Reconstruction, NYRCR) ki prevwa pou kòmanse atravè eta a nan otòn sa a.

“Fas a move tan yo ki deplizanpli pi destriktè, li enpòtan anpil pou nou kontinye pwoteje Nouyòkè yo lè nou rekonstwi ak ranfòse kominote ak enfrastrikti nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Envestisman sa yo ke patnè lokal nou yo te chwazi yo, pral ede kominote vilnerab Long Island lan yo modènize enfrastrikti yo pou yo ka reziste kèlkeswa sa Manman Lanati voye sou chemen nou.”

“N ap bay resous ki nesesè pou asire ke kominote yo pare pou move tan ekstrèm ki gen pou vini”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman pou pwojè sa yo k ap fèt nan Long Island lan pral ede kominote nan zòn lan yo planifye pou efò rekiperasyon nan ka gen yon katastwòf natirèl. N ap envesti pou nou rekonstwi pi solid epi asire nou ke kominote nou yo prepare epi moun New York an sekirite.”

Manm Komite Planifikasyon Rekonstriksyon Kominotè NY Rising lan te idantifye uit pwojè yo te anonse jodi a yo kòm priyorite pou katye yo epi yo fè pati plizyè santèn lòt pwojè atravè eta a ke Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a (Governor’s Office of Storm Recovery, GOSR) nan kad Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising lan ap finanse. Apre Ouragan Irene, Tanpèt Twopikal Lee ak Sipètanpè Irene Sandy te fin pase Gouvènè Cuomo te etabli pwogram NYRCR pou ranfòse kapasite rezidan ak

pwopriyetè biznis nan pwosesis rekiperasyon ak rezilyans la, pandan nou kwè ke yo konnen ki kote sa yo bezwen ak feblès yo chita epi yo ka pi byen rekòmande pwojè yo ki pral pwoteje vil ak vilaj yo ansanm ak fason y ap viv la. Nan Long Island, Pwogram NYRCR lan te atribiye plis pase 100 milyon dola pou sipòte reyalizasyon inisyativ ki sou direksyon lokal yo.

Pwojè yo te anonse pou Konte Nassau jodi a yo se:

Amelyorasyon Elektrik nan Pasaj Kanal Freeport la, Vilaj Freeport - 7,000,000

dola: Freeport Electric, ki se pi gran konpayi sèvis piblik minisipalite posede nan Long Island, sèvi plis pase 43,000 moun. Pandan Sipètanpèt Sandy a, enfrastrikti sèvis piblik la te sibi domaj akòz bato ki te dekoche yo ak debri flotan yo. Pàn kouran sa te lakoz yo te entèwonpi alimantasyon kouran pou 3,700 kliyan rezidansyèl ak komèsyal, twa sirèn inondasyon, de kazèn ponpye, de estasyon ponp egou ak de lekòl. Distri ekonomik prensipal vilaj la, Nautical Mile, te gen pàn kouran tou. Pwojè Amelyorasyon Elektrik nan Pasaj Kanal Freeport la pral ranplase yon kab ki pase anba Kanal Freeport la k ap pote kouran pou sèvi yon ka nan rezidan vilaj la yo. Sa pral rann enfrastrikti a mwen siseptib a domaj an jeneral, sa k ap pwoteje rezidan yo ak biznis yo kont entèripsyon sèvis yo alavni pandan y ap redwi risk blesi ak ensandi akòz de kab elektrik yo ki tonbe. Konstriksyon an te kòmanse nan fen ete a.

Elve Nivo Wout East Baldwin lan, Vil Hempstead - 2,100,000 dola: Devlopman katye ki sou kanal nan East Baldwin lan yo te kòmanse an 1930 avan etablisman zòn inondab yo. Depi lè sa nan ane apre yo, epi espesyalman apre Ouragan Irene lan ak Sipètanpèt Sandy a, ri ozalantou yo te viv eksperyans inondasyon akòz mare yo ki te monte pandan lè mare wo lemwa yo, sa k ap lakoz domaj nan pwopriyete ak veyikil yo, epi entèwonpi sèvis tankou koleksyon fatra bò twotwa yo ak livrezon kourye lapòs yo. Pou soulaje pwoblèm lan, Pwojè pou Elve Nivo Wout East Baldwin lan pral elve ri rezidansyèl lokal yo epi fè yon seri amelyorasyon nan drenaj yo pou redwi risk inondasyon pou enfrastrikti transpò yo ak kay yo. Konstriksyon an te kòmanse nan fen ete a.

Etablisman yon Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management), Vil Long Beach - 1,790,000 dola: Pwojè a ki gen objektif pou reponn a bezwen fondamantal pou Vil Long Beach la, pral tabli yon Biwo Jesyon Ijans nan yon espas yo gen deja ki sitiye nan Lameri a (City Hall). Sa pral pèmèt Long Beach kowòdone preparasyon pou epi reponn a evènman katastwofik yo an kowòdinasyon ak Biwo Jesyon Ijans Konte Nassau la. Konstriksyon an pwograme pou l kòmanse an Novanm.

Dèlko Pèmanan pou Etablisman Kominotè Enpòtan yo, Vil Oyster Bay - 2,100,000

dola: Pandan pwosesis planifikasyon NYRCR la, manm Komite Massapequa yo te fè konnen preyokipasyon yo genyen sou pàn kouran jeneralize ki te rive toupatou pandan Sipètanpèt Sandy a. An repons, Pwojè Dèlko Pèmanan pou Etablisman Kominotè Enpòtan yo pral asire ke refij ijans yo, sant kominotè yo, ak kazèn ponpye yo gen alimantasyon kouran sekou pandan ak apre gran evènman tanpèt yo. Nan resous enpòtan ak sit evakyasyon estratejik yo te chwazi yo, yo pral enstale dèlko pèmanan pou yo anpeche dega inondasyon yo pandan katastwòf alavni. Sa pral pèmèt operasyon ijans yo kontinye, ansanm ak atenyè risk yo pou popilasyon yo lè yo

amelyore aksè a enfòmasyon ak resous ijans yo. Konstriksyon an te kòmanse nan mwa Septanm.

Amelyorasyon Santye Anvè Park/Rivaj la yo, South Valley Stream - 3,800,000

dola: Depi Sipètanpèt Sandy a, Ouragan Irene lan ak Tanpèt Twopikal Lee a an 2011 ak 2012 la, kominote South Valley Stream lan te viv eksperyans inondasyon lokalize souvan. Pwojè Santye Anvè Pak la pral amelyore ak restore rivaj arebò yon santye pyeton vwa vèt ke yo rele “The Path” la epi ki adjasan a Pak Brook Road la, sa k ap ofri yon melanj restorasyon koridò kouran dlo a ak estabilizasyon bèj la atravè entwodiksyon yon bann seri eleman natirèl, enfrastrikti ki favorab a anviwònman ak rivaj ranfòse. Amelyorasyon sa yo pral kolektivman ede atenyè dega tanpèt yo alavni, redwi inondasyon, epi amelyore rezistans zòn lan an jeneral. Yo espere ke konstriksyon an pral kòmanse nan mwa sa a.

Prim sibvasyon yo te anonse pou Konte Suffolk jodi a yo se:

Dèlko Pèmanan pou Kazèn Ponpye Prensipal la, Vilaj Amityville - 522,500 dola:

Pwojè Dèlko Pèmanan pou Kazèn Ponpye Prensipal la pral enstale yon dèlko ijans pèmanan nan Depatman Ponpye Amityville la. Sa pral asire ke depatman an byen ekipe pou l opere pandan ak apre evènman tanpèt yo alavni, menm si pàn kouran ta afekte tout kominote a an jeneral. Yo espere konstriksyon pwojè sa a ap kòmanse an Oktòb.

Pwojè Rezistans Dèlko Rejyon Metwopolitèn Bay Shore la (Greater Bay Shore Generators Resiliency Project), Bay Shore ak Brightwaters - 2,660,000 dola:

Pandan ak apre peryòd move tan ekstrèm yo, alimantasyon yon apwovizyonman kouran ki ase epi ki fyab enpòtan anpil pou kapasite kominote yo genyen pou yo rekipere yo. Pwojè Rezistans Dèlko Rejyon Metwopolitèn Bay Shore la pral enstale dèlko nan etablisman Bay Shore enpòtan yo, pami yo Syèj Prensipal Depatman Ponpye Bay Shore la, Lameri Vilaj Brightwaters la, ak YMCA a, ak 2nd Avenue Highway Yard Vil Islip la. Lè nou asire ke gen alimantasyon kouran sekou ki disponib nan yon bann seri etablisman ak resous, pwojè a pral ogmante rezistans kominote nan Rejyon Metwopolitèn Bay Shore la yo. Yo espere konstriksyon pwojè sa a ap kòmanse nan kòmansman mwa Novanm lan.

Dèlko Pèmanan pou Mezon Retrèt Rainbow Senior Center, Lindenhurst - 522,500

dola: Pandan Sipètanpèt Sandy a, prèske tout 1,600 kay ki osid Montauk Highway a nan Lindenhurst te inonde anba nivo dlo yo ki te rive jiska senk pye. Akonpaye ak pàn kouran toupatou ak lari yo ki te plen debri yo, kondisyon sa yo te anpeche efò rekiperasyon imedyà yo epi yo te rann li difisil pou rezidan yo atenn sèvis oswa materyèl yo. Enstalasyon yon dèlko pèmanan nan mezon retrèt Rainbow Senior Center a nan Lindenhurst pral ofri alimantasyon kouran sekou pou etablisman lokal yo, sa k ap pèmèt yo opere an tout sekirite pandan ak apre evènman tanpèt yo, epi sa ap kontribiyè nan rezistans kominote a an jeneral. Yo espere konstriksyon pwojè sa a ap kòmanse nan kòmansman mwa Novanm lan.

Direktè Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising GOSR gen nan Long Island lan yo, Jeanmarie Buffett te di, “Koleksyon pwojè sa yo reflekte bezwen lokal ak resous kominote yo genyen atravè rejyon Long Island lan. Li enkòpore gwo anvi yo

genyen pou aplike leson yo te aprann apati tanpèt resan yo, nan pwosesis la, pou kiltive kominote ki pi dirab ki pral nan avantaj jenerasyon moun New York ki pral vini yo”.

Senatè Phil Boyle te di, “Pandan ane ki sot pase yo, atravè tanpèt apre tanpèt, nou te aprann enpòtans vital pwojè rezistans yo, espesyalman nan zòn ki gen tandans inonde yo. Pa gen pèsòn ki pi konsyan de sa pase rezidan ki sou kòt sid Long Island lan. Alavni, avèk rekonstriksyon sa a pwogram lan pral pwoteje nou lè pwochen tanpèt la frape kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske l rekonèt bezwen enpòtan pou pwojè sa yo epi li ofri fon nesèsè pou yo wè yo vin yon reyalite”.

Senatè John E. Brooks te deklare, “Pandan premye manda mwen an nan Sena, mwen te lite pou elektè mwen yo ak pou Long Island pou nou jwenn pòsyon ekitab nan èd eta a. Mwen fyè pou m te travay ak Gouvènè Cuomo pou nou asire ke nou ofri plis resous eta a yo bay kominote Long Island yo, epi mwen remèsye l pou angajman l pran anvè Long Island lan. Mwen pral kontinye travay ak Gouvènè Cuomo ak kolèg mwen yo nan gouvènman eta ak lokal la yo pou nou bay elektè mwen yo sipò ak investisman eta a yo merite”.

Senatè Todd Kaminsky te deklare, “Kont teni klima nou an ap kontinye chanje epi severite ak frekans tanpèt Long Island pral konfwonte yo kontinye ogmante, se yon investisman enperatif ki vo lapèn k ap fèt nan rezistans nan kominote South Shore nou yo. Ide debaz chak pwojè sa yo pi byen prepare pou pwochen tanpèt oswa evènman inondasyon yo avan yo rive, epi se bon sans k ap senpleman gouvènè l. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Senatè Schumer pou lidèchip yo nan zòn enpòtan sa a”.

Christine Pellegrino, ki se Manm Asanble, te deklare, “Se pa si, men kilè pwochen tanpèt la pral frape South Shore Long Island lan. Eta a dwe fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje pwopriyetè kay ak ti biznis nou yo, ki te deja souffri ase apre Sipètanpèt Sandy a. Pàn kouran yo te jis osi devastatè ke tanpèt la menm. Sibvansyon 2.1 milyon dola sa a k ap soti nan Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising GOSR la pral asire ke refij ijans yo ak kazèn ponpye nan Vil Oyster Bay a yo, ki gen ladan Massapequa ak Massapequa Park, ap gen kouran ki fyab”.

Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare, “Avèk dèlko sa yo, kominote nou yo pral gen yon plis lapè nan tèt paske yo konnen gen alimantasyon kouran sekou ki disponib pou ede yo nan efò rekiperasyon yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo paske l pran angajman anvè fon vital sa yo pou nou asire ke rezidan nou yo nan yon pi bon pozisyon pwochè fwa yon tanpèt frape”.

Manm Asanble Andrew R. Garbarino te di, “Mwen kontan pou m wè yo atribiye fon sa yo pou yo amelyore rezistans distri nou an. Menm jan nou te wè nan tan pase yo, pàn kouran gen yon efè devastatè sou operasyon rekiperasyon apre tanpèt yo. Pwojè Rezistans Dèlko Rejyon Metwopolitèn Bay Shore la pral ofri etablisman enpòtan kominote a yo dèlko, sa k ap pèmèt yo rete operasyonèl pandan peryòd move tan ekstrèm ak pàn kouran yo. Sa se yon fason ekselan y ap itilize dola enpo nou peye yo”.

Manm Asanble Melissa Miller te deklare, “Menm anpil ane apre, efè Sipètanpèt Sandy a toujou ap afekte 20èm Distri Asanble a. Mwen kontan anpil paske Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a ap ofri prèske 2 milyon dola nan finansman

pou yo tabli yon Biwo Jesyon Ijans. Lè nou gen biwo sa a nan baryè zile a, sa pral yon atou eksepsyonèl pou kominote a epi ede mennen efò preparasyon yo”.

Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare, “Mwen fyè pou m te patisipe nan efò pou amelyore rezistans kont tanpèt nan rejyon Long Island lan. Mwen felisite Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a paske yo rekonèt bezwen rezidan nou yo kontinye genyen yo epi ofri 3.8 milyon dola bay South Valley Stream pou ede atenye pwoblèm inondasyon nou kontinye genyen yo. Pwosesis rekiperasyon an pa fini, men pwojè sa a se yon etap vè lavan nan kad efò pou abòde efè apre Sipètanpèt Sandy a yo. Nou dwe kontinye efò nou ap fè pou nou ranfòse rejyon Long Island lan kont move tan yo k ap deplizanpli pi sevè”.

Manm Asanble Brian Curran te deklare, “Mwen kontan anpil paske eta ap investi plis pase 16.7 milyon dola pou ede kominote lokal yo planifye ak prepare pou move tan ekstrèm yo. Anpil nan rezidan nou yo toujou ap kontinye eseye redemare lavi yo apre efè Sipètanpèt Sandy a, epi nou bezwen mete mezi an plas pou nou anpeche yo sibi plis domaj ankò. Mèsi a Gouvènè a ak tout moun ki te patisipe nan fon sa yo pou rezidan nou yo”.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, “Gouvènè Cuomo te yon vrè patnè pou Konte Suffolk la nan kad rekiperasyon apre tanpèt yo. Apre Sipètanpèt Sandy a, Eta New York la te travay san pran souf avèk konte a pou asire nou gen zouti ak mekanis an plas pou nou fè fas a katastwòf ki gen rapò ak move tan yo ki ap ogmante deplizanpli an frekans ak an entansite. Sipò pou twa pwojè dèlko ki sitiye sou South Shore Konte Suffolk la ki gen tandans inonde yo nan Lindenhurst, Amityville, ak Bay Shore-Brightwaters, enpòtan anpil pou rezistans chak kominote yo, lè yo ofri sipò elektrik yo bezwen ki pral kenbe rezidan yo an sekirite pandan move tan ekstrèm yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske l respekte pwomès li te fè pou l ede Suffolk reziste a nenpòt tanpèt”.

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, “Mèsi Gouvènè Cuomo paske ou te tande preyokipasyon rezidan nou yo ankò epi w ap pwoteje kominote nou yo. Envestisman 16.7 milyon dola Eta New York la ap fè a pral ede kominote Konte Nassau la yo prepare pou evènman move tan ekstrèm yo”.

Sipèvizè Vil Hempstead lan Laura Gillen te deklare, “Pwojè prevansyon inondasyon ak rezistans yo se plan direktè pou yon avni ki pi briyan pandan n ap fè fas a chanjman klimatik yo. Enstalasyon klwazyon an vinil yo nan South Valley Stream, ansanm ak amelyorasyon ki enpòtan anpil k ap fèt nan drenaj yo ak rekonstriksyon wout yo nan Baldwin pral redwi risk inondasyon pou pwopriyetè kay yo. Mèsi a Gouvènè Cuomo paske l ap defann rezistans nan Long Island ak nan Vil Hempstead la.”

Sipèvizè Vil Islip, Angie M. Carpenter, te deklare, “Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo pou pwogram gouvènman federal la ap finanse, eta prezante a, ki pral ranfòse efò repons apre tanpèt Vil la yo epi amelyore sekirite rezidan nou yo”.

Sipèvizè Vil Babylon Rich Schaffer te deklare, “Gouvènè Cuomo te yon atou inestimab pou efò Vil Babylon lan ap fè pou yo defann yo kont evènman move tan sevè yo. Envestisman miltimilyon dola sa a se jis dènye egzanp ki montre ke Eta New York la

ap sipòte pwojè rezistans enpòtan yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo, Senatè John Brooks, Senatè Phil Boyle, ak Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre pou lidèship yo”.

Sipèvizè Vil Oyster Bay a Joseph Saladino te di, “Aprè devastasyon Sipètanpèt Sandy a te kite nan Vil Oyster Bay la, epi espesyalman nan Massapequas, mwen rekonesan anvè Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a paske y ap ede garanti 2.1 milyon dola nan finansman sibvansyon pou Pwojè Dèlko Pèmanan pou Etablisman Kominotè Enpòtan yo. Pwojè sa a ap asire ke refij ijans yo, sant kominotè yo ak kazèn ponpye yo gen alimantasyon kouran sekou pandan ak apre gwo tanpèt yo. Dèlko sa yo pral ede kominote nou an vin pi byen prepare epi asire operasyon ijans yo kontinye malgre nenpòt potansyèl pou pàn kouran jeneral”.

Majistra Lindenhurst la, Michael Lavorata te di, “Lè nou sonje ke Vilaj Lindenhurst te youn nan kominote ki te frape plis pandan Sipètanpèt Sandy a, nou rekonesan paske nou resewa fon sibvansyon New York Rising sa a pou nou achte ak enstale Dèlko 150KW ke yo pral enstale nan mezon retrèt Rainbow Senior Citizen Center a. Apwovizyonman alimantasyon kouran sekou a pral ede Vilaj la ofri yon kote sekirite pou rezidan nou yo epi espesyalman pou rezidan granmoun aje nou yo ale nan ka ta gen yon katastwòf natirèl oswa yon ijans. Mèsi Gouvènè Cuomo paske w ap administre pwogram sa a”.

Majistra Freeport la, Robert Kennedy te di, “Atravè angajman li pran pou l ede gouvènman yo, pou yo pwoteje popilasyon yo kont dega tanpèt yo, Gouvènè Cuomo te ede Freeport pou l vin pi rezistan, san l pa ogmante enpo pou Vilaj la. Nou rekonesan anvè sipò li kontinye ba nou an epi mwen remèsye l nan non tout rezidan Freeport la yo”.

Jou 29 Oktòb 2012 la, Sipètanpèt Sandy te dekwoche sou Long Island, sa ki te lakoz mare tanpèt ki te mezire 17 pyè nan kèk ka. Daprè estimasyon FEMA yo, depans total dega ki te fèt nan lojman ak enfrastrikti enpòtan zile a yo, mete ansanm ak depans pou yo retire debri yo, te rive 8 milya dola ototal.

Nan Long Island, gran tèren byen laj yo te inonde, kay yo te sibi domaj oswa kraze, debri lou te simaye nan lakou yo, bloke wout yo, epi yo te konpwomèt kab elektrik yo ki te anpeche vwayaj epi entèwonpi alimantasyon kouran.

Ansanm, plis pase 650 Nouyòkè te sèvi nan 66 Komite Planifikasyon Rekonstriksyon Kominotè NY Rising yo atravè Eta a, ki gen ladan 22 nan Long Island, epi yo te pwopoze ansanm plizyè santèn pwojè ke bezwen inik ak resous reyon yo te enspire. Kolektivman, komite NYRCR yo te fè 650 reyinyon planifikasyon ak 250 evènman angajman piblik gwo echèl pandan ke yo t ap travay pou rekonstwi kominote ki pi dirab, ranfòse enfrastrikti, mitige risk ki asosye ak pèt ak domaj dezast ki gen pou vini ka pote, epi estimile revitalizasyon an.

GOSR te etabli nan mwa Jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout eta pou gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Tropicak Lee. Gras ak Pwogram Rekonstwiksyon Kominote NY Rising – ansanm ak Pwogram Rekiperasyon Katastwòf atravè Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising, ansanm avèk Rekiperasyon Lojman NY li a, Pwogram Enfrastrikti ak Ti Biznis yo (NY Rising Housing Recovery,

Small Business and Infrastructure), Rebati nan Konsepsyon (Rebuild By Design), pou pi byen prepare pou pwochen evènman move tan GOSR te investi 4.5 milya dola nan pou pi byen prepare New York pou move tan ekstrèm yo. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou entènèt nan <http://stormrecovery.ny.gov/>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)